Bhaibheri re vana

Rinokupai

Jesu anonyaradza mananda emugungwa

Rakanyorwa na: Edward Hughes
Rakafanidzirwa na: Janie Forest
Rakatorwa na: Ruth Klassen
Rakashandurwa na: Miriam Furusa
Alastair Paterson
Rakabudiswa neve: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

©2020 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.



Jesu nevadzidzi vake vaive mugwa pakasimuka mhepo huru. Mhepo yakasimudza mananda mugungwa reGariria. Mananda erudzi urwu aigona kuparadza nekunyudza chikepe.

Mhepo huru iyi yakatyisa vadzidzi. Mananda akatenderedza igwa, mvura ichizara mukati. Asi Jesu akanga akatorara hake papiro, kurara mumhepo huru. Vadzidzi vakamutsa Jesu, vachichema, "Tenzi, Tenzi, tava kuparara!"



“Sei muchitya, imi vekutenda kushoma?” Jesu akabvunza vadzidzi vake. Jesu wakaraira mhepo kuti imire kuvhuvhuta … uye Jesu akarairazve mananda ane simba kuti arare pasi anyarare …

MHEPO YAKAMIRA ... GUNGWA RAKANYARARA KUKAVA NERUNYARARO.

Vadzidzi vakayemura, vakati, “Ungava ani uyu, anoteererwa chero nemhepo negungwa!”



Papfuura imwe nguva Jesu
akaita zuva raaive akawandirwa
nezvekuita. Vanhu vanopfuura
zviuru mashanu vakamuteera
kune imwe nzvimbo
yaisashandiswa.

Nesimba raMwari, Jesu akapa kudya kuvanhu ava vose achishandisa chikafu chemasikati chekamwe kakomana. Ainge ava madeuka zuva, Jesu akati vanhu vose vaende kudzimba.

Chero vadzidzi vaifanira kuenda. Jesu akavati vapinde muchikepe vatungamire nekune rimwe divi regungwa re Gariria.





Paakange ati vanhu vese vaende, Jesu akakwira mugomo ari ega kuti anamate, pakazovira zuva akange ari ega.

Vari kunze uko mumvura, vadzidzi vakasangana nemhepo huru. Mhepo iyi yaivatadzisa ku yambuka mvura, chero vainge vaine nguva vachiedza kuyambuka.

Vadzidzi vaisazviziva asi vaiva pedyo nekuzoshamisika kukuru!

Pakati penguva yetatu
neyetanhatu
mangwanani,
pakati pemvura izere
mananda, vadzidzi
vakaona chimwe
chinhu chakavatyisa.
"Chipoko!"
vakadaidzira nekutya.
Asi aiva Jesu, Ishe
anova Tenzi wavo,
aiuya kwavari,
ACHIFAMBA
PAMUSORO
PEMVURA.

“Ivai nemufaro!” Jesu akadana kwavari. “Ndini, musatya.” Peter akapindura akati, “Ishe, kana murimi ndirairei ndiuye kwamuri pamusoro pemvura.” Jesu akati, “Huya.” Nekusatya, Peter akabuda muchikepe akaenda pamusoro pemvura akananga kuna Jesu.



Asi paakaona mhepo ichishinyira, Peter akatya akatanga kunyura. Akadaidzira, “Ishe, ndiponesei!”

Ipapo ipapo Jesu akatambanudza ruoko rwake akabata Peter. "Iwe wekutenda kushoma, sei usina kuva nekutenda?"



Ipapo vose vaiva mugwa vakauya vakanamata Jesu, vachiti, "Chokwadi muri mwanakomana waMwari."

Jesu anonyaradza mananda emugungwa

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa muna

Mateo 8, Mateo 14,
Marko 4, Ruka 8

“Mazwi enyu anotipa kuchena.”
Mapisarema 119:130


Magumo

Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari
Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema.
Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo,
akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye
akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera
kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira
kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera!
Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara
maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti
Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu
panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo
mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye
nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti
ndikuteerereyi, ndirarame semwana wenyu. Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16